Ассаламу гIалайкум!

# ГЪУДУЛЛЪИ
## ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 78 (9981) | 9 ноябрь | Рузман | 2018 сон

## ВИЛЪЛЪАНХЪУЛАГО ЧИГИ, БЕКЕРУЛАГО ЧУГИ ЛЪАЛА



Инсан веццилалде яги какилелде цебе дие бокьула гьев вижараб ракьги гьесул тухум-кьибилги цIехезе. Цинги лъала гьев мустахIикъав вугищ рецц-бакъалъе ялъуни гьадинго рихьдай-чIухIдай ххвелал гьарулев чийищали.

Гьале лъабго сон буго дир, кинго кверги гIунтIуларого, заманги гIоларого, гьав гIолохъанчиясул хIакъалъулъ хъвазе.

Лабазан Лабазановин абун тезеги бегьилаан, амма,цо хасаб свериялда гурони лъазе гьечIилан, гьесул дагьабго рагьун хъвазе пикру бижана.

АнсалтIаса Лабазановалин абуни, киназул гьев ватаниги, гьезул тухумго цебеги чIола ва чIандачагIи гурел, рагIул бетIергьаби, ишалъул гIадамал рукIинги якъинго лъала. Гьезул цоявин кколев, жакъа дица бицен гьабулев, гьав Лабазанги. ..

ТIолгороссиялъул «Учителасул къоги» баркизе, цо-цоязе ХIукуматалъул шапакъаталги къезе райадминистрациялъул данделъабазул залалде ракIарун рукIана районалъулго мугIалимзаби, Районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевас цеве ахIана Лабазан Лабазановги. М.ПатхIулаевас цойгидаздаса тIокIборчIараб бербалагьигун гьесул квер босана ва баркана. «Дагъистан Республикаялъул мустахIикъав мугIалим» абураб цIар. Дагьабги жо тIаде жубазе бокьун букIаниги, кIутIун гъажалда квергун виччана гьес Лабазан.

Гьелъго бицунеб букIана районалъул бетIерасдаги гьев берцинаб бералдалъун вихьун вукIин.

**- ТIоцебесеб иргаялда, гара-чIвариялде журалелде, Лабазан, рачIа дуда баркизе дуе щвараб тIадегIанаб цIарги гьелдаго цадахъ метер районалда тIобитIулеб бугеб эркенаб гугариялъул рахъалъ нилъерго Юсуп ГIабдусаламовасул цIаралда бугеб халкъазда гьоркьосеб турнирги.**

**Гьев Юсупил цIаралъги гьесул ишазги бижизабунадай дур спорталдехун рокьиги?**

- Баркала, хасс гьабун дида баркиялъухъ. Гьай-гьай, росулъа чи вукIин гуребги, мисал босизе рекъарав ракьцоявги вугелъулха Юсуп.

ГIабдулаев Лабазан Шагьрудинович, жиндир мунагьал чураяв, вукIана гьесулги хадув дирги тренер. Гьанже гIадал кIалгIаби рукIинчIо доб мехалъ- гьитIинабго залги кIудияб гьираги! ЗахIмалъаби ругебгIан, санагIалъаби гьечIебгIан ракI цIалеб букIана гугариялдеги тIолалго спорталъулал хIаяздеги.

Юсуп дидасан кIудияв вуго анлъго-анкьго соналъ. Мисалалъе гьев восиги дир дагьал хадур соназ бижана-пединститутталде цIализе лъугьиндал.

(*Ахир 2 гьум.*)

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 11 октября 2018г. № 55а

**Об утверждении плана противодействия коррупции в МР «Ботлихский район» на 2018-2020 годы**

В соответствии со статьей 5 Закона Республики Дагестан от 7 апреля 2009 г. №21 «О противодействии коррупции в Республике Дагестан» и Указом Главы Республики Дагестан от 11 сентября 2018 г. № 99 «О мерах по реализации в Республике Дагестан Указа Президента Российской Федерации от 29 июня 2018 года № 378 «О Национальном плане противодействия коррупции на 2018-2020 годы» администрация муниципального района постановляет:

Утвердить прилагаемый план противодействия коррупции в МР «Ботлихский район» на 2018 - 2020 годы.

2.Признать утратившим силу постановление администрации МР «Ботлихский район» от 25 июля 2017 г. №58 «Об утверждении плана мероприятий по противодействию коррупции в МР «Ботлихский район» на 2017-2018 годы».

3.Опубликовать настоящее постановление на официальном сайте администрации в сети «Интернет».

4.Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации по общественной безопасности Абдулдибирова А.М.

**Глава района** **М. Патхулаев**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 26 октября 2018г. № 57

**Об утверждении муниципальной программы «О противодействии коррупции в МР «Ботлихский район» на 2019-2023 годы»**

В соответствии со статьей 8 Закона Республики Дагестан от 7 апреля 2009 г. № 21 «О противодействии коррупции в Республике Дагестан» и Указом Главы Республики Дагестан от 11 сентября 2018 г. № 99 «О мерах по реализации в Республике Дагестан Указа Президента Российской Федерации от 29 июня 2018 года № 378 «О Национальном плане противодействия коррупции на 2018-2020 годы» администрация муниципального района постановляет:

1. Утвердить прилагаемую муниципальную программу «О противодействии коррупции в МР «Ботлихский район» на 2019-2023 годы» (далее - Программа).

2. Управлению финансов и экономики администрации МР «Ботлихский район» (Муслимов З.М.) ежегодно при формировании бюджета района предусматривать средства на реализацию мероприятий Программы с учетом возможностей и в пределах средств, направляемых на эти цели из бюджета района.

3. Опубликовать настоящее постановление на официальном сайте администрации в сети «Интернет».

4. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации по общественной безопасности Абдулдибирова А.А.

**Глава района** **М. Патхулаев**

# ВИЛЪЛЪАНХЪУЛАГО ЧИГИ, БЕКЕРУЛАГО ЧУГИ ЛЪАЛА




**(*Байбихьи-1себ.гьум.*)**

Гьенивго цIалулев гьевги вукIана ва цеве вахъунаан институталъул къадру цIунун, Хадув ГIали ГIалиевасул турниразда бергьана. Лъиеха бокьилареб дурго росуцоясул ургуялда бергьун квер борхулеб бихьизе?!

БакI ккун букIадго абилин, метерисеб турниралда цо дир ученикги гIахьаллъулев вуго. ГьабсагIаталда гьев Хасавюрталда бугеб Олимпийскияб резервалъул училищеялда хIадурулев вуго. Гьесда цIарги буго МухIамадов МухIамад: ракIалда чIезабе гьеб цIар, спорт бокьулезда гьесул рахьалъ чанги рагIилилан божиги бугоха.

Юсупилгун киданиги гьоркьоблъиги хвезе толаро, телефоналъ ахIунцин дандразе кколел суалалги рукIуна. Гьес нижги рехун толаро, кIалъазе кватIани, камураб-тараб цIехола, хIажатаб жо бицани, гьебго параялъ тIубала. Росулъ эркенаб гугари цебетIезабиялде хасаб кIвар кьола гьес. Гугарухъабазе спортивияб формаялъул 35 комплектги чIезабуна, жиндирго цIар хъвараб. Ункъавго тренерасеги форма къуна Юсупица. Республика тун къватIире унеб мехалда нижелъ букIуна рекIел чIухIи –киназулго релъьараб берцинаб формагун, цогидаздасан ниж къачIа-кIатIан рукIунелъулха.

**- Мунго дудаго, Лабазан, цIикIкIарасев мугIалимлъунищ вихьулев яги тренерлъунгоищ рикIкIунев? БитIараб бицани, батIалъиги щибха гьелъул - тарбиячи, мугIалим, цевехъан, цого тIалаб-агьазалъул махщел бугелъул.**

- БитIун бицани, дунго дицаго мугIалимлъун рикIкIуна, щай гурелъул доб цебе гIадаб согIлъиги, къуватги гIолеб гьечIо гьанже спорталъе. ХIажалъулеб буго гIакълуги, ургъиги, гьелдаго цадахъ сихIирлъиги. Жиндирго балъголъабиги рукIуна гугарухъанасул, цохIо жиндиего хасал. МугIалим абураб рагIудехунго дир гьитIинаб къоялдасанго цIайиги адаб-хIурматги букIана. Гьебги дилъ бижизабуна дирго тIоцересел педагогал МухIамадов МухIамад Батировичас ва ГIабдулаев Лабазан Шагьрудиновичас.

**- Тренерасдаги мугIалимасдаги гьоркьоб бугеб батIалъи цо дагьаб гIатIидго, рагьун бичIчIизабуни бокьилаанха, Лабазан?**

- БитIараб бицани, мугIалим цIалдохъангун хIалтIула дарс лъугIизегIан. Тренер гьевгун гIумруялъго рукьовги, къватIивги, сапаралдаги цадахъ вукIуна ва инсуда лъималазул гIадин, гьесдаги лъазе ккола щивасул гIамал-хасият ва гьезие хIажатаб-тараб.

**- Дун мекьи кколев ватичIони, дуе тIоцересел шапакъаталги тренер хIисабалда щвана?!**

- Тренер хIисабалдаги щвана, мугIалим хIисабалдаги щвана. Мисалалъе, 2011 соналъ щвараб тIоцебесеб шапакъат букIана- Дагъистан Республикаялъул Лъай кьеялъул Министерствоялъул ХIурматалъул Грамота.

2013 соналъ вахъана «Лучший тренер РД по единоборствам»;

2014-16 соназ тIатIалаго вахъана «Лучший учитель физкультуры РД»;

2014 ва 2016 соназ нижер школа бахъана «Лучшая спортивная школа Республики Дагестан до 4-х видов спорта».

2015 соналъ нахъеги щвана Лъай кьеялъул Министерствоялъул ХIурматалъул Грамота.

Гьебго соналъ Карелиялда тIобитIараб Физкультураялъул учительзабазул Халкъазда гьоркьосеб Конгрессалда «Физкультура ва спорт цебетIезабиялда ва гIун бачIунеб гIелалъе лъикIаб тарбия кьеялда сверухъ гьабулеб кIудияб хIалтIуе гIоло» дие къуна Баркалаялъул кагъат.

2016 соналъ мустахIикълъана «Почетный работник общего образования Российской Федерации» абураб цIаралъе.

Исана, мугIалимзабазул къоялъ, мунгоги нугIлъун вукIанаха, «Заслуженный учитель Республики Дагестан» абураб цIарги щвана.. Гьанже дуцаго пикру гьабеха дун гIемерисев мугIалимищ яги тренерищали.

**- АнсалтIа школа киназулго мацIалдаги рекIельги хутIараб церерахъин букIуна санайилго нужер «Президентские состязания» абурал хIаязда. Гьелъул цо дагьаб гIатIидго бицине бокьилаан.**

-«Президентские состязания»- гьел ккола цIакъ кIвар бугел хIаял. Живго Президентасги кIвар кьолел, хадуб хал кколел.

Гьенир гIахьаллъулел лъималазул лъадари-бажари, къуват гуребги, букIине ккола цIалулъ цебетIей ва маданияталъул рахьалъ гьварилъиги. ПалхIасил, гьениб борцуна тIолабго. ТIатIалаго анкьго соналъ гIахьаллъана нижер росдал команда гьениб, Гьай- гьай, росдал абуниги, гьеб букIана районалъулго команда, районалъулго щай – республикаялъулго. Ансадеридасан данде гьабураб букIаниги.

**-Гьениб анкьабго соналъ нужер команда бахъана «Победитель Президентских состязаний». ЧIванкъотIараб суал- гьаб ахирисеб соналъ сунда бан, щайха рехун тараб гьеб тIаде чвахxулеб бергьенлъабазул гохI. Щай гIахьаллъичIел?**

- Кинабго гIайибалъул бетIер дунго вуго. Анкьго сон буго я отпуск



гьечIого, я хIалхьи гьабичIого. Сахлъиялъулги хал гьабизе ккана, мина-карт, эбел-эменги ругелъулха. БитIараб бицани, гьелъулги щибго гьабичIо-спортшкола къачIалаго ана тIубараб рии. ТIадеялъулалде дагьабги цIикIкIараб къуватгун журазе ният бугоха.

**- Хъизан-лъимал кIочон танагури дуда Лабазан?**

- Гьебха… Дунги вукIана дуца гьеб суал щайдай кьоларебин, дун цосина дуда ккун ватилин «робот» вугилан. Расниги лъачIого, кIудиял гIун ратана дирго лъимал. Вас ункъабилеб классалда вуго, яс- ясли-ахикь. Цебе бицаралде тIаде жубазе цо жоги гьоркьоб хутIарабха дир.

**-Гьая, жея, гьурще къватIибе…**

- Дида тренерасулги мугIалимасулги тIадаб борчлъун бихьула, жинда цере ругел чидар лъимал, ай ророжине ругьунлъулел тIанчIи,жиндиргоял гIадин рокьи. Нагагь рокьулел гьечIони, хIасилалги ккоЛаро, гьев чияс хIалтIиги тезе ккола. ХIалтIи теян аби гуребги, махщелги, жиндаго рекъараб, цойги бищизе ккола.

- ГьедигIан анкьабго рекъараб дур спортивияб дунялалда, ункъабго букIон битIараб рокьой, къадалъ рекъечIеб гамачI гIадин ятилаха дур хъизан? Квал-квалищ букIунеб, камураб-таралъе кумекалъейищ ятулей, махщел кинаб гьелъул?



- ГьечIо ле, гьедигIанго согIай гIадан гуро гьей, мугIалимлъун йикIингIаги гIоларищ?! ГIалхул чиясда релълъинаюе дуца дир лъади. ХIисаб-суалалъул мугIалим йиго. ХIисаб-суалалда йикIунаха.

**- Гьанже дур буго лъебералда лъабго сон, лъеберго сонги тIаде рехун, лъабкъоялда лъабго соналдасан мунго кинав вихьулев, росу, район Республика ва цебечIезабе букIинесеб, Дурго фантазия!?**

-Цо бугони, дун палихъанги гуро, Нострадамусил ирсги дие щун гьечIо.

КIиабизеги, гьабсагIаталда нижерго росдал бетIер ХIайдарбегов ХIайдарбегги, районалъул бетIер Малачевичги, Республикаялъул бетIер Васильевги гIадинал бутIрул ругони, гIадада хвеларо гIаламги халкъги. Къоялдаса-къоялде цIилълъулеб улкаги цебетIолеб гIумруги бихьун, хьулал цIикIкIун гурони, щибго ракIбуссин гьечIо. Россиялъул Президентлъун В.В.Путин вугебгIан заманаялъ, гьесда мугъ чIвала, кьурул сиртада гIадин.

ГьабсагIатги берда цебе буго дунго гьитIинаб мехги, хварабго залги, тураараб чIарбида къабураб хъарщиги, сундухъго балагьичIого черх лъадарулел нижгоги.

Жакъа бокьараб районалъул хIатта шагьаралъулцин жахIда ккезе бегьулеб санагIалъиги гIатIилъиги буго нилъер гIагараб районалда. ГIаммаб куцалъ, кинабго жаниб бачун, абуни, нилъер иш кутакалда лъикI буго ва кьойидаса къойиде жеги лъикI букIиналде хьулгун божилъиги буго.

**- Дурги мурадал тIурагиха Лабазан! ТIаде-тIадеялъулги нужеца росарал бергьенлъабаздаса рохун, разиго хутIаги районалъул тIолалго гIадамал!**

**М-Р. ГЪАЗИМУХIАМАДОВ**



# ДИР ГЪАНСИТО-ГIАГАРАБ ДАГЪИСТАН



Хаслихълъидул берцинлъиялъ къачIан букIана сверухълъиго.

БагIарал, тIогьилал, гIурччинал тIанхазул халича тIамун букIана гIодоб ракьалда.

Хасс гьабун бокьула дие гьеб хаслихълъидул завал. БитIахъего пикру бегIерулеб, арал-тарал къоязул, лахIзатазул хIисаб гьабизе тIамулеб гIажаибаб хIал тIаде бачIуна бечIан-бечIачIеб тIабигIаталъул сураталъ. Бихьулищха, щибаб къоялъул бугеб ахир?! Сонгицин тIегьан рукIарал гьутIби, хIанчIаца ахIулел рукIарал бакънал цо лахIзаталъ хисараб куц. Гьединал пикрабазда хIалтIуде ячIунеб йикIарай дир бер речIчIана миллияб ретIел ретIарал гIолилал васалгун ясазда. Культураялъул рукъалда цебе бугеб майданалъего цо гIажаибаб берцинлъи кьолеб букIана, маданияталъул бокIнида гуреб жиндие бакI батичIеб, умумузул чIухIараб ратIлица. Унго, гьазул чIурканлъи абун ракIалде ккарай дие «Очаг мой-родной Дагестан» абураб конкурс букIин якъин гьабуна, гьурмада намусаб гьимиялъул кунчIи рехарай, цо гIолилалъ.



«Алжаналда жанисан жакъа ячIун ятила Жеги гьумер квералда-гьури-бакьго хъван гьечIо» абурал ва гьелдаго релълъарал цогидалги кучIдул магIарул поэтаз гьадинал мусудузе хъван рукIанин абурал пикрабигицин рекIелъе рехана. Къокъана Культураялъул рокъое жание. РакIалде ккун букIана зрителаз занкIун цIун батилин зал абун, амма гьеб тадбиралъулгун бит1ахъегояб хурхен бугел гIадамал гурони гьечIоан. Тадбир гIуцIулеб бугоан райУНОялъул нухмалъиялъ. Жюриялъул тахида кIусун ругоан: районалъул централияб библиотекаялъул директор МухIамад ИзмагIилов, культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан Абулайс Асайханов, Хунзахъ районалъул вакил Айзай Дибирова, Хьаргаби районалдаса МухIамад Арбулиев, Унсоколо районалдаса ХIажимурад Загьидов, Шамиль районалдаса ГIарип ХирамухIамадов ва жюриялъул председатель Ольга Николаева.Тадбир бачана культураялъул хIалтIухъан Сайпулаева Сабринаца. Салам-каламалъулаб кIалъаялдаса хадуб гьелъ рагIи кьуна УНОялъул хIалтIухъан Шамсудин ГIабдулмажидовасе.

-Ас-саламу гIалайкум, хIурматиял ракьцоял ва тIаде рачIарал гьалбал,-_илан абуна гьес.-Гьале исанаги иргадулаб нухалъ УНОялъул нухмалъиялда гьоркь тIобитIулеб буго «Очаг мой-родной Дагестан» абураб конкурс. Гьелъул мурадги буго гIицIго лъималазул гьунар тIатинаби гуребги, гьоболлъи-гьудуллъи тIегьазабиги гьеб щула гьабиги.Гьединан, исанаги конкурсалда гIахьаллъи гьабизе буго Болъихъ, Хунзахъ, Унсоколо, Шамиль ва Хьаргаби районалдаса пагьму-гьунар бугел цIалдохъабаз.Гьарула щивав гIахьалчиясе битIккей ва икъбал, балагьаразе ракIал хIайран гьабулеб сурат…

Конкурсалъе аслу лъуна фольклорияб кьурдиялъ ва цере рахъана Хунзахъ районалъул вакилзаби.

Хадусеб иргаялда букIана некIсиял алатазда, ай хъумузалда, макънал рачи , гьелъие кьучI лъуна Хунзахъ районалъул вакилзабаз. Щибаб рахъалда жидерго бугеб гьунар лъималаз кIудияб жавабчилъиялда бихьизабуна. Жалго культураялъул хIалтIухъабаздаса нахъе ккараб яги къураб букIинчIин гьезул церерахъин абуни, дун мекъи ккеларо. Узухъда, гьеб бараб букIана лъимал хIадурарал хIалтIухъабаздаги.Хасго рекIее асар гьабуна Хунзахъ районалъул, кечI ахIиялда цадахъ букIараб, инсценировкаялъ. Щибаб 9 Маялъул байрамалдаги Расулил къояздаги «Къункъраби» абураб кочIода гьоркь лъолеб кьурди хундерил хIалтIухъабазда кIун бугоан цо хассаб, батIияб, лъидаго батичIеб куцалдалъун загьир гьабизе. БакI ккун букIадго абила, цо чанго соналъ цебе 9 Маялъул тадбиралда кIодо гьабун чIвараб, солдатасул сурат тIад бахъараб, игIланалда «Слава русскому солдату» абураб хъвай-хъвагIаялъ хъвагIан букIана дир ракI ва амма жакъа хундерица гьеб инсценировкаялъе тIаса рищарал гIолилал-солдатаз битIахъего бадиб магIу ххулизабуна. Хьирщун, цIехон, кодоре щвелаандай гьадигIан батIи-батIиял сипат-сураталъул, куц-мухъалъул васал?!



Дидаго гьел солдатазулъ рихьана гIурусазулги, гуржиязулги, дагъистаниязулги, украиназулги вакилзаби.

Бихьулеб букIана кутакалда гьваридаб пикру -лъайги бербалагьиги бугев чиясул хIалтIи гьеб букIин . «Слава советскому солдату» абураб калима мацIалда щуриледухъ гIуцIун бугоан гьеб церерахъин дунялалдаго машгьурав шагIир Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» абураб кочIода гьоркь.

Умумузул кьурдиги, бачунеб хъумузги, магIарул мацIалда ахIулеб чIагояб кечIги-гьале доб магIарулал урхьун, гIашикълъун хIасилазул хIисаб гьабулеб заманалдаги гьоркьоб ккараб гьодорлъи чIамучIлъиялде гуреб, чIаголъиялде сверизабуни, пайдаги цIикIкIун ккелаан асарги рохалилаб гьабилаан.



Вокалалъе тIоцебесеб бакI босана Шамильский районалъ, кIиабилеб бакI Хунзахъ районалъ ва лъабабилеб -унсоколосез.

Хьумузалда бакънал рачун тIоцебесеб бакI ккуна Хьаргаби районалъ, кIиабилеб - Шамильский районалъ ва лъабабилеб -Хунзахъ районалъ.

Киналго командаби кутакалда лъикI цере рахъана, амма лъикI букIинаан тадбир гIуцIиялъул рахьги гьединабго букIарабани.

Конкурсалъул гIахьалчагIазул церерахъиналдаги жюриялъ ругеб умумузул нух. ЛъугIана церерахъин, жюриялъул гIахьалчагIи къокъана диван къотIизе.

РещтIана чIамучIлъиги чIалгIинги. Бищун рихарав чи вуго дие я жаниве лъугьунарев, я нахъе унарев, нуцIил кIалтIа хабар халат гьабулев к1албазар. Гьединабго асаралъулъ хутIана тIубараб сагIаталъ.

Ахир-къадги рачIана ва киназдаго рагIинабун абуна: миллияб кьурдиялъе тIоцебесеб бакI кьунин Болъихъ районалъул кьурдухъабазе, кIиабилеб бакI ккунин Шамилский районалъ ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъанин Хьаргаби район.

**З. МУХIАМАДОВА.**

# ЦОЛЪИЯЛЪУЛ КЪО

Кьер-кьерал шариказги, игIланазги, т1ахьазул выстовкаялъги берцин гьабун бугоан ва хассаб ч1аголъи кьун бугоан районалъул централияб библиотекаялъул азбаралъе.

Г1одобкъо бугониги жиндир кьалбал гъварилъуде унеб байрам г1уц1изе рач1ун ругоан маданияталъулги адабияталъулги х1алт1ухъаби.

Халкъазул цолъиялъул къоялда хурхун гьабураб гьеб ч1аголъиялъ роххалилаб асар гьабулеб бук1ана балагьаразе.

Тадбир рагьана районалъул администрациялъул бет1ерасул заместитель Г1абдулдибир Г1абдулдибировас

-ХIурматиял ракьцоял, изну кье дие районалъул бетIерасул, депутатазул собраниялъул советалъул ва диргоги рахъалдасан ракI-рак1алъго нужеда баркизе ТIолгохалкъазул Цолъиялъул къо.

Жакъасеб тадбиралъул кьалбал уна 1612 соналъул таварихалде. Гьеб соналъ халкъазул цолъиялъ бихьизабураб гъункиялъулги, бахIарчилъиялъулги кьалбазда тIегьараб байрам ккола гьаб. Гьединабго цолъи бихьизабуна нилъер халкъалъ доб КIудияб ВатIанияб рагъул къоязги, 1999 соналъул ц1а боркьарал лахIзатазги. Цолъиялъулъ буго нилъер къуватги, гучги, бергьенлъиги. Цоги нухалъ баркула жакъасеб къо.

Гьелдаса хадуб концерталъулаб программагун цере рахъана культураялъул хIалтIухъаби.

**З. МУХIАМАДОВА.**

# МУГIРУЗУЛ ЦIУМ ХIАБИБ НУРМУХIАМАДОВАСДЕ

ГьитIинаб росулъа
КъамартIав ХIабиб,
Къабул гьабе барки
Ингердахъезул!

Иман гIащикълъана,
ИяхI хехлъана,
Хех ХIабибил къвакIи
Къалмид босеян.

Хирияб цIар бугев
ЦIум гIадав, ХIабиб!
ХIайран гьабуна халкъ
Дур Бергьенлъиялъ.

Дагъистаналъ, чIухIун,
ЧIвана дуе хъат,
Путиница воххун
Баркана дуда.

Рамзан Къадировас
Кьабун квер бачун-
Кьуна духъе кIулал
Мерседесалъул.

Дурго лебаллъиялъ,
Дурго къвакIиялъ,
Къимат борхана дур
Халкъалда жаниб!

Мун бергьун вихьидал,
Бихьинчи ХIабиб,
Дир вохиялъгицин
ГIорхъи бахана.

ПатIимат ахIдана
ГIадаллъанила,
«Асса» гьелде абун,
Кьурдун свердана…

Кьурул борхалъуда
ЧIчIола цIумалги-
Дур цIарги борхана
ЦIумазул гIадин.

КIикIуниса ГIусман,
Сали-Сулайман,
Сильди росулъ гIурав
БахIарчи ХIабиб!!!

Нуж руго героял
Гугари-рагъул-
Дагъистан чIухIизе
ЧIварал байрахъал.

Къун бергьунеб гIадат
РагIун букIинчIо,
КъватIир жалго чIвана
Ирландияца.

Авар халкъ борхизе
Лебалал Васал-
Рахъагиха, ХIабиб,
Дуда рельлъарал!

Баркула! Баркала!
Кидаго дица-
Кьола, бетIер къулун,
Мун гIадиназе!!!

**Шагьрудин Къурбанов,**
**Росу Ингердахъ.**

## Колонка прокурора

### Ответственность за нарушение неприкосновенности частной жизни

За нарушение неприкосновенности частной жизни статьей 137 Уголовного кодекса Российской Федерации предусмотрена уголовная ответственность.

Нарушением неприкосновенности частной жизни признается незаконное собирание или распространение сведений о частной жизни лица, составляющих его личную или семейную тайну, без его согласия, а также за распространение этих сведений в публичном выступлении, публично демонстрирующемся произведении или средствах массовой информации.

Право на неприкосновенность частной жизни, личную и семейную тайну означает предоставленную человеку и гарантированную государством возможность контролировать информацию о самом себе, препятствовать разглашению сведений личного, интимного характера.

В понятие "частная жизнь" включается та область жизнедеятельности человека, которая относится к отдельному лицу, касается только его и не подлежит контролю со стороны общества и государства, если носит непротивоправный характер.

Лишь само лицо вправе определить, какие именно сведения, имеющие отношение к его частной жизни, должны оставаться в тайне, а потому сбор, хранение, использование и распространение такой информации, не доверенной никому, не допускается без его согласия.

Максимальное наказание за данное преступление может быть назначено в виде 5 лет лишения свободы с лишением права занимать определенные должности.

***Прокурор района, советник юстиции***
**Д.А. Джабраилов**

# Информация

Управления социальной защиты населения информирует граждан о ежемесячной выплате семье имеющей первого ребёнка, родившегося с января 2018года, установленной Федеральным законом от 28 декабря 2017 года № 418-ФЗ.

В связи с этим управление извещает получателей ежемесячной выплаты в связи с рождением (усыновлением) первого ребёнка о необходимости повторно обратиться с заявлением о назначении указанной выплаты и важности своевременного обращения. Поскольку назначение при подаче нового заявления будет осуществляться со дня обращения. Особо информируем получателей указанной выплаты, детям которым исполнится один год **в январе 2019** года, учитывая предстоящие длительные нерабочие дни в начале следующего года.

С учётом изложенного рекомендуется у женщин с детьми, родившимися в январе 2018 года, обращаться с заявлением о продлении ежемесячной выплаты до 1,5- летного возраста **в декабре 2018 года**

ГЬУДУЛЛЪИ

**Газета гIуцIарал:**

**«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация**

**Учредители:**

**Администрация МР «Ботлихский район»**

**БетIерав редактор**
**ГI. ГI. ГIумаханов**

**Отделалъул редакторал**
**П. Дибирова**
**М-Р. ГъазимухIамадов**

**Мухбирзаби**
***З.МухIамадова***
***М. ГIумаханова***

**Корректор**
**П.МухIамадова**

**Наборщица**
**П. Эльдарова**

**Дизайнер**
**С. Камилова**

**Программист**
**А. Ибрагьимова**

**Фотокорр**
***Ш.Муртазалиев***

*Индекс: 368970*
*Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5*

*Телефонал:*
*Редакторасул 2-20-53*
*ГIаммаб 2-20-37*

*Эл. адрес druzhba555@mail.ru*

*Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.*

*Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61*
*Тираж -550*
*Индекс-51349*
*Багьа-6 гъурущ*

*Газета печаталде кьуна 16.00 хамиз къоялъ*
*Газета кьабуна 20.00*

*Заказ № _____*

*Газета перерегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых комуникаций 31 мая 2017 года.*
ПИ № ТУ 05 - 00381

*Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.*
*Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.*